



Pou Piblikasyon Imedya: 24/11/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LWA POU ELIMINE PATAJ DEPANS SOU
INALATÈ KONT OPRESYON**

***Nouvo Lwa a pral ede Nouyòkè yo ekonomize lajan epi amelyore aksè ak
medikaman ki sove lavi***

***Lwa (S.1804-A/A.128-A) elimine ko-peman, ko-asirans, epi dediktib pou inalatè
pou nenpòt Nouyòkè ki sou plan asirans sante Eta a rɔeglemante***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a li siyen yon lwa pou ogmante aksè ak medikaman ki sove lavi pou Nouyòkè ki souffri ak opresyon, lè li elimine ko-peman, ko-asirans, ak dediktib pou inalatè ki sove lavi. Nouvo lwa a pral garanti yon fòm inalatè sekou epi yon fòm inalatè antretyen ap disponib pou pasyan ki sou plan sante Eta a rɔeglemante san yo pa peye anyen. Avèk plis pase 1.4 milyon adilt nan Nouyòk k ap viv ak opresyon, elimine depans sa yo pral fè medikaman ki sove lavi yo vin pi aksesib pou moun ki bezwen yo.

"Pèsonn pa ta dwe oblije chwazi ant peye bòdwo yo oswa ranpli preskripsyon yon inalatè ki ka sove lavi yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Egzije asirans pou kouvri inalatè epi elimine ko-asirans, sa ap ede plizyè milyon Nouyòkè ki ap viv ak opresyon pou yo pa janm manke medikaman yo depann de li."

Lwa S.1804-A/A.128-A egzije pou chak polis asirans gen kouvèti pou inalatè pou trete opresyon, epi li garanti moun ki enskri yo gen aksè ak omwen yon inalatè ijans ak yon inalatè antretyen san dediktib, ko-peman, ko-asirans, ni okenn lòt fòm pataj depans. Pri inalatè pou opresyon ka twò chè pou anpil moun, paske gen ka kote chak aparèy ki sove lavi ka koute jiska 640 dola chak mwa.

Sirentandan Pwovizwa Depatman Sèvis Finansye Eta Nouyòk la, Kaitlin Asrow, te deklare, "Lè nou elimine depans ki sòti nan pòch pou inalatè sa pral ogmante aksè ak medikaman ki sove lavi pou prèske de milyon Nouyòkè k ap viv ak opresyon. Mèsi Gouvènè Hochul ak Palman Eta Nouyòk la, pri p ap yon baryè ankò pou swen esansyèl sa a."

Komisè Sante Eta Nouyòk la, Doktè James McDonald, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak angajman li pou asire chak Nouyòkè gen aksè ak

medikaman ki sove lavi ke yo bezwen. Pri pa ta dwe janm yon baryè ant yon moun ak inalatè ki ka sove lavi li. Retire ko-peman, sa vle di plis Nouyòkè ka respire pi fasil—nan sans literal ak finansye."

Senatè Eta a, Gustavo Rivera, te deklare, "Avèk lwa sa a Gouvènè a siyen an, Nouyòk fè yon pa anplis pou elimine baryè finansye ki anpeche rezidan nou yo jwenn medikaman ki sove lavi pou opresyon. Mwen vle remèsye patnè mwen nan Asanble a, Jessica Gonzalez-Rojas, pou kolaborasyon sere li avè m pou nou te adopte lwa enpòtan sa a, ki pral amelyore aksè a swen."

Manm Asanble Jessica Gonzalez-Rojas te deklare, "Mwen fyè anpil paske Gouvènè Hochul siyen pwojè lwa mwen an, A128A. Lwa sa a se yon etap esansyèl pou fè pwogrè nan ekite nan domèn sante pou kominote mwen reprezante yo, epi pou fanmi atravè tout Eta Nouyòk la. Pandan twò lontan, Nouyòkè yo — espesyalman sa yo ki rete nan zòn tankou Asthma Alley nan distri mwen an — ap fè fas ak yon to opresyon ki depase limit, epi yo kontre ak baryè finansye ki pa akseptab pou jwenn swen esansyèl. Lè nou elimine ko-peman, dediktib, ak pataj depans pou inalatè opresyon, nou asire ke chak Nouyòkè ka jwenn medikaman ki sove lavi yo bezwen. Mwen rekonesan anvé avoka yo, pwofesyonèl sante yo, ak lidè kominotè yo, ki te mete tèt yo ansanm pou ede fè lwa sa a tounen yon reyalite. Jodi a, nou ap fè yon pa enpòtan pou bati yon Nouyòk ki pi an sante ak pi jis."

Manm Konsèy Lynn Schulman te deklare, "Mèsi a Gouvènè Hochul paske li siyen lwa ki sove lavi sa a, pou bay inalatè opresyon san okenn frè pou pasyan yo. Epi tou, felisitasyon ak moun sa yo ki te sipòte pwojè lwa sa, Manm Asanble Jessica González-Rojas ak Senatè Gustavo Rivera. Kòm Prezidan Komite Sante Konsèy Vil Nouyòk la, mwen kontan pou m di Nouyòkè yo ka pran yon souf soulajman kounye a!"

Daprè Depatman Sante (Department of Health) Eta Nouyòk, gen plis pase 1.4 milyon adilt nan Nouyòk k ap viv ak opresyon. Kondisyon an afekte timoun yo anpil tou. An 2021, Sant Ameriken pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Center for Disease Control and Prevention, CDC) te estime anviwon 315,000 timoun nan Eta Nouyòk te gen opresyon — sa ki anviwon 8.9 pousan timoun nan popilasyon Eta a. Dapre CDC, opresyon touye anviwon 10 moun chak jou, sa ki fè li sizyèm prensipal koz lanmò Ozetazini.

Opresyon mete yon chaj enpòtan sou sistèm swen sante nou an. Chak ane, opresyon lakòz plis pase 1.7 milyon vizit nan depatman ijans epi plis pase 50 milya dola nan depans nan swen sante.

Siyen lejislasyon sa a montre [angajman Gouvènè a pou amelyore sante Nouyòkè yo](#) kote li diminye depans epi ogmante aksè ak medikaman ki esansyèl. An 2024, Gouvènè Hochul te siyen lwa pou elimine ko-peman pou pataje pri ensilin pou nenpòt Nouyòkè ki sou yon plan asirans sante Eta a règleman. Inisyativ sa a pral adopte entèdiksyon ki pi vas kont pataj pri ensilin nan peyi a, sa ki bay Nouyòkè yo soulajman finansye epi amelyore angajman ak medikaman sa yo ki kapab sove lavi. Avèk 1.58 milyon Nouyòkè

yo te dyagnostike ak dyabèt, pwopozisyon an prevwa ekonomize Nouyòkè yo yon sòm estimatif 14 milyon dola an 2025 sèlman.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)